дослары менен татыў, аўыз биршиликли болыўда, олардың дүньяға көз-қарасларының жақсы тәреплерге раўажланыўында балалар шайырларының шығармалары үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болып қалады.


**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Сапаров Х. Қуяш балаларымыз. -Нөкис: 1992, 3-4-б.
2. Сейитжанов Т. Гумис қоңыраў. -Нөкис: 1997, 14-19-20-21-25-б.
3. Қабулов Т. Пәндиў нәсият. -Нөкис: 1995, 3-4-30-49-59-б.
4. Хожанов Ө. Мазалы айтсеш мазалы. -Нөкис: 1996, 19-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ болалар поэзиясида шеър тузилишининг хусусиятлари ўрганилган. Х.Сапаров, Т.Сейитжанов, Т.Қабулов асарларининг ўзига хос жиҳатлари кўрсатилган. Бадий ғоянинг тематик хусусиятлари очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются структура стихов и разновидности каракалпакской детской поэзии в годы независимости. В детской поэзии большое значение имеют афоризмы. Исследуются отличительные особенности афоризмов структур стихов С.Аббазова, Х. Сапарова, Т.Сейитжанова, Т. Кабулова. Рассматриваются многосложные размеры и структура стихотворений в каракалпакской детской поэзии и определяются идейно-художественные и тематические особенности каракалпакской детской поэзии.

**SUMMARY.** The article deals with the structure of poems and other kinds of Karakalpak poetry for children for the years of independence Aphorisms play a great role in children's poetry. The author studies the peculiarities of aphorisms and structure of poems by S.Abbasov, Kh. Saparov, T. Seytjanov, T.Kabulov. The complex size and structure of poems in Karakalpak poetry for children and their ideological-artistic and thematic features have also been investigated in the work.


## PARIJ SINDROMINÍŃ INSAN PSIXIKASÍNA TÁSIRI


**N.E.Ernazarov** – *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** hayol, sayohat sondromi, inson psixikasi, ong osti dasturi.
**Ключевые слова:** фантазия, синдром путешествия, психика человека, программа подсознания.
**Key words:** fantasy, travel syndrome, human psyche, subconscious program.


Sindrom (áyyemgi grekshe συνδρομή "birlespe, toplanıw "; συν - "menen" + δρόμος" juwırıw, háreket") - Ulıwma etimologiyalı hám patogenezi bolǵan, kóriniwshi kompleks [9:52]. Al, psixologiyalıq sindrom-bul patologiyalıq (kesellik) penen baylanıslı bolmaǵan, júz berip atırılǵan hádiyseniń rawajlanıwınıń bir mexanizmi menen birlesetin organikalıq belgiler toplamı. Psixologiya iliminde sindromlardıń túrleri júdá kóp hám túrlishe. Bul, sindormlardıń kópshiligi insan ómirine qáwip payda ettiriwi, sırtqı ortalıqtan ózin ayırıwı, ómirge kózqarasın ózgertiwi, hátte óz janına qastıyanlıq etiwge de májbúr etedi. Sindromlar jas tańlamaydı hám belgili jasqa kelgende óz-ózinen insan sanasında joq bolıp ta ketpeydi. Álbette, tiyisli qánigelerdiń járdeminde yaki ayırım sindromlardı, insandaǵı ózgeristi ańlay alıwshı, ómirlik tájiriybesi bar insanlar psixikalıq sindromnıń aldıń alıw múmkin. Sindromlardıń túrleri kóp bolǵanlıqtan, siz benen kópshiligimizde ushırasatuǵın "Parij sindrom"ı haqqında sóz etiwdi maqul kórdim.

Parij sindromı (FR. Syndrome de Paris, yapon. パリ症候群 pari syo: ko: gun) Franciyaǵa sayaxat etip kelgen sayaxatshılar (tiykarınan yapon xalıqların)da ushırasatuǵın ruwxıy kesellik. 1986-jılı Franciyada jumıs islegen yapon psixiatrı Xiroaki Toy tárepinen anıqlanǵan [4:17]. Parij sindromı ruwxiy kesellik bolǵanlıqtan, usı kúnge shekem de yapon psixologları, Yaponiyadan kelgen sayaxatshı yaponlarǵa ózleriniń psixologiyalıq járdemin tiygizip kelmekte. Parij sindromına shalınǵanlardıń kópshiligi, jergilikli xalıqtıń unamsız háreketlerin sebep etip kórsetedi. Kesellengenlerdiń úshten eki bólegi, birneshe psixoterapiyalıq shınıǵıwlardan soń normal jaǵdayǵa qaytadı, qalǵanları bolsa uzaq múddetli emleniwge mútáj yaki kúshsiz psixoz analizin aladı. Francuz psixiatriya jurnalı "NERVURE journal de Psychiatrie" da aytılıwınsha, bul

sindrom mádeniyatlar arasındaǵı qarım-qatnas nátiyjesinde kelip shıǵadı eken [1:35]. Parij sindromına shalınǵan isanlardı biz minez qulqınıń ózgeriwinen, ózin qolaysız tutıwınan sezip alsaq ta boladı. Parij sindrominıń tiykarǵı belgileri tómendegilerden ibarat:

- Minez-qulıqtıń buzılıwı;
- Gallyucinaciya;
- Dipressiya, stress;
- Kúshli táshiwishli jaǵdayı, derealizaciya, depersonalizaciya;
- Sebepsiz ashıwlanıw;
- Sabırsızlıq;
- Bas aylanıw h.t.b [7:1].

Yaponiyadan kelgen sayaxatshılardıń ruwxıyatı, dúnyaǵa kóz-qarası Parij sıyaqlı qalaǵa keliwge tayar emes. Olar miymandoslıqqa úmit etip, onıń kerisin kóredi. Olardıń nervleri bunday stresske shıdam bere almaydı, dep túsindiredi psixolog Erv Benhamou [3:42]. Shınında da, Parijdı dúnydaǵı eń romantik qalalar sıpatında qıyallaw qansha jıllar dawamında ǵalabalıq mádeniyat tiykarında ósip kelmekte. Keń kóshelerdi, Eyfel minarasındaǵı shıraqlardı, áyyemgi arxitekturalardı hám bir-birin jaqsı kórip seyil etip júrgen juplıqlardı Parij haqqındaǵı júzlep filimlerdiń ajıralmas bir bólegi bolıp, ol filimlerdi tamashalaǵan shet elliklerdiń bir bólegi qala haqqında ájayıp qıyallar payda ettiredi. Biraq, Parijdiń shın ómiri bunnan jıraq – kóshedegi úysiz adamlar, kelgindi xalıqlardıń kópligi, qopal múnásibet hám biytanıslar menen kóz benen baylanıs etpew (kózge qaramaw), sayaxatshılardı hayran qaldıradı. Mádeniyat kóz-qarasınan Yaponiya hám Franciya xalıqları bir-birinen júdá parıq etedi. Franciyada sayaxat etken yapon sayaxatshısınıń aytıwınsha: "Biz ushın Parij ármanlar qalası. Barlıq francuzlar shıraylı. Biraq biz olar menen júzbe-júz ushrashqanımızda, aljasqanımızdı túsinemiz. Biz minez-qulıqtan da, dúnyaǵa kóz-qarastan da bir birimizden parıq etemiz ", dep shaǵım etedi jábirlengenlerdiń biri [3:43]. Yapon kollektivistik mádeniyatında, insanlar óz ara qarım-qatnasta kishi peyillik hám insanǵa húrmet ústemlik etedi. Yapon dúkanlarında qáriydarǵa húrmet júzesinde xızmet etse, Párijde bolsa satıwshı olarǵa zorǵa itibar beredi. Jámiyetlik transportında adamlar qopal, kóshe urıları bolsa tek otqa janar may qosadı" [8:2]. Mádeniyatlar aralıq baylanıslar boyınsha qánigelerdiń pikirine kóre, Parij Yaponiya hám kollektivistik mádeniyatqa iye bolǵan basqa mámleketlerden kelgen sayaxatshılar sıyaqlı AQSh yamasa basqa mámleketlerden kelgen sayaxatshılardı tańlanıwda qaldırıwı múmkin [7:4].

**Parij sindromı jábirleniwshileri.** Xiroaki Oti diń sózlerine kóre, 30 jasqa shekem bolǵan hayallar Parij sindromına kóp ushıraydı. Máselen, Parijge birneshe ay yaki jıllar dawamında kelgen (máselen, diplomatlardıń kelinshegi) Parij sindromına kóbirek beyimilerik boladı [5:12]. Filipp Adam óziniń "Parij sindromı" kitabında Parij sindromına eń kóp biyimli bolǵan insanlar sıpatında 20-25 jaslı, kóbinshe gumanitar maǵlıwmatqa iye bolǵan qızlardı esletip ótedi [2:7]. Degen menen, Yaponiyadan kelgan erkekler de, basqa mámleketlerden kelgen sayaxatshılar da sindromǵa meyil. Hátteki, Parij sindromına franciyanıń basqa qalalarınan kelgen francuzlardıń ózlerinde de payda bolıwı múmkin.

**Sońǵı jıllardaǵı Parij sindromı.** Sońǵı jılları Yaponiyadan kelgen sayaxatshılar, Parijge birinshi ret kelgen basqa mámleket sayaxatshıları, Parij sindromı menen keselleniw jaǵdayları 80-jıllarǵa qaraǵanda kemirek hám sindromnıń intensivligi de ótken on jıllıqlarǵa salıstırǵanda tómen. Sońǵı birneshe jıl ishinde Parij sindromı menen kesellengen yaponlardı emlewxanaǵa jatqızıw jaǵdayları az ushıraydı. Sebebi, jaǵdaydı jaqsılaw ushın, sindromnıń payda bolıwınıń aldın alıwda Yaponiyanıń turizm tarawı tárepinen sharalar kórilip atır. Sonıń menen birge, Franciya paytaxtı haqqında eń obyektiv maǵlıwmatlardı tabıwıńız múmkin bolǵan internette bul máselege sheshim bolmaqta. Biraq, klinikalıq psixolog Oliviya Akiko Goto-Greget hám psixiatr Xiroaki Ota nıń sózlerine kóre " biliw bir zat" (Parijdaǵı zatlardıń haqıyqıy jaǵdayı haqqında maǵlıwmat)" hám bunı shınında da bastan keshiriw basqa zat" [5:14] dep házirgi waqıttada Parij haqqında maǵlıwmatqa iye insanlarda Parij sindromına shalınıw tez-tezden gúzetiletuǵının aytıp ótedi.

Psixolog Patrisiya Bartelmidiń atap ótiwishe, Parij sindromı keleshekte pútkilley joq bolıp ketedi. Sebebi, búgingi kúnde sayaxatshılar 20 jıl aldın múmkin bolmaǵan, internet tarmaǵınan ózleriniń sayaxat mánzilleri haqqında júdá kóp maǵlıwmatlardı ala aladı. Sonıń menen birge, statistikalıq maǵlıwmatlarǵa kóre, búgingi kúnde Parijge kelgen yapon sayaxatshılarınıń yarımı ilgeri ol jerde bolǵalıǵı, bul sindrom múmkinshiligın sezilerli dárejede azaytadı [6:17]. Parij sindormınıń túsindirmesi boyınsha, ómirimizde júz berip atırǵan hádiyseler yaki júz beriwi kútilip atırılǵan hádiyselerdi óz betinshe boljawımız yamasa armanlawımız nátiyjesinde júz beredi. Máselen, joqarıda sóz etilgendey Parij qalasına sayaxat etpekshi bolǵan yaponiyalı sayaxatshılar Parij qalası haqqındaǵı óz kóz-qarasınıń real ómirge say kelmewi nátiyjesinde ózligin joytıp alıwǵa, stress qabıllawǵa sebep

bolǵan process, bizdiń ómirimizde de júz berip turadı. Aldımızǵa qoyǵan maqsetlerimiz, ármanlarımız, ózimiz qálegen waqıyalar shın ómirde júz bermese tınıshsızlanıwımız, keypiyatımızdıń jamanlanıwı tábiyiy. Insannıń iskerliginde, shańaraqlıq ómirinde tiykarınan sezim múnásibetlerinde Parij sindromına jolıǵıw ushırasadı. Máselen, kásiplik xızmette insannıń ózi jobalastırǵan nátiyjelerge erise almasa, sezim múnásibette jubınan kútken sezim qarım-qatnas ózin aqlamasa yáki biz kútken waqıya ómirimizde kerisinshe júz berse sindromǵa shalınıw múmkin. Álbette, oylaw, armanlaw hám keleshektegi iskerligimizdi jobalastırıw hár bir salamat insanǵa tán. Biraqta, bul armanlardıń ishinde jasaw, oǵan tolıq isenip qalıw nátiyjede biz qálegen waqıya júz bermese kewlimiz óksinedi hám motivlerimiz sónedi. Máselen, turmıs qurıw aldındaǵı qız, óziniń turmısı, jańa shańaraq aǵzaları, olar menen qarım-qatnastı unamlı armanlaydı. Bul armanlarına isenip turmısqa shıǵadı. Biraqta, óziniń jańa shańaraǵı haqqındaǵı qıyalı real ómirine mas kelmegeni ushın ózinde passiv stresti, keypiyattı túsiwin sezip, bul ishki zorıǵıw qalay payda bolǵanıń túsindirip bere almaydı. Bul psixikalıq ishki zorıǵıw jas kelinshektiń qıyalındaǵı ómir menen real ómirine say kelmegenligi sebepli payda boladı. Siz jańa jumıs ornına kelmekshisiz, jumıs ornıńız, kásipleslerińiz benen unamlı qarım-qatnas, kásiplik iskerligińizdegi nátiyjeler haqqında qıyallaysız. Tilekke qarsı siz kútken waqıyalar júz bermedi, kásipleslerińiz benen múnásibetińizde kelispewshilikler bar, olar menen konfliktke túsip qaldıńız yaki basshıńızǵa siziń jumıs orınlaǵańız unamadı. Bul jaǵdayda sizde óz-ózińiz benen ishki konflikt, ózińizge bahańız sóniwi sıyaqlı unamsız ishki seziniwler payda boladı. Jumısqa barıwdı qálewi, kásiplik xızmetińizde nátiyjelik sónip ketiwi de múmkin.

Joqarıdaǵı mısallardan kóplep mısallar keltiriw múmkin. Parij sindromına shalınıw ushın sayaxat etiwi shárt emes, insanıń kúndelikli ómirinde júz beriwi de múmkin. Tiykarınan empatiyaǵa iye (ózgeniń ishki keshirmelerin, ózinde sezine alıwshı) insanlarda hám kópshilik jaǵdayda sezimli pikir júritiwshi hayal jınıslı wákillerde tez-tezde ushırasadı. Juwmaqlap aytqanda armanlaw, qıyallaw, keleshek iskerligimizdi jobalastırıw qáte emes. Biraqta, sol armanlaw, qıyallaw hám iskerligimizdi jobalastırıp, ómirimizde júz beriwine tolıq isenip qalıp, nátiyjesi biz kútkennen basqasha bolǵanda kewlimizdiń óksiniwi, motivlerimizdiń sóniwi, stress yaki dipressiya qabıllawımız qáte bolar.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Les japonais en voyage pathologique à Paris : un modèle original de prise en charge transculturelle. | Association Françoise et Eugène MINKOWSKI. www.minkowska.com. Дата обращения: 24 октября 2019. Архивировано 11 июня 2016 года.
2. Le syndrome de Paris - Philippe Adam (фр.). Babelio. Дата обращения: 24 октября 2019. Архивировано 24 октября 2019 года.
3. Paris Syndrome' leaves tourists in shock. Дата обращения: 23 декабря 2011. Архивировано 18 декабря 2011 года.
4. Paris Syndrome' strikes Japanese. Дата обращения: 23 декабря 2011. Архивировано 31 октября 2009 года.
5. Qu'est-ce que le syndrome de Paris ? (фр.). A Nous Paris (28 ноября 2018). Дата обращения: 24 октября 2019. Архивировано 24 октября 2019 года.
6. The strange condition upsetting tourists in France. NewsComAu (26 сентября 2017). Дата обращения: 24 октября 2019. Архивировано 24 октября 2019 года.
7. https://www.katrenstyle.ru/syndrome/parizhskiy_sindrom
8. В Париже для борьбы с карманниками выйдут на улицы 5 тысяч полицейских. www.atorus.ru. Дата обращения: 24 октября 2019. Архивировано 24 октября 2019 года.
9. Гребенев А.Л. Пропедевтика внутренних болезней. — М.: Медицина, 2001. — 592 с. — 10 000 экз. — ISBN 5-225-04704-1.



**REZYUME.** Ushbu maqolada hayotimizda duch kelishimiz mumkin bolgǵan Parij sindromi haqida so‘z boradi. Parij sindromining sabablari, oqibatlari va inson ruhiyatiga ta’sir kuchi haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается о парижском синдроме, с которым мы можем столкнуться в нашей жизни. Будут обсуждены причины парижского синдрома, его последствия и сила воздействия на психику человека.

**SUMMARY.** This article talks about the Paris syndrome, which we may encounter in our lives. The causes of the Paris syndrome, its consequences and the power of its impact on the human psyche will be discussed.